



Rapòte tout aktivite sispèk ba yon anplwaye oswa yon ofisye lapolis.

Nan ka yon ijans, swiv enstwiksyon manm ekip la.

Divilge mesaj sa a ba zanmi ou yo ak manm fanmi ou.

KONSÈY POU SEKIRITE

- Pa manyen okenn atik ou sispèk oswa pa deplase li.
- Pa itilize telefòn selilè oswa radyo kominikasyon.
- Kote zòn nan vit pou ale sou yon distans ki gen sekirite.
- Konnen antouraj ou.

Pou Jwenn Plis Enfòmasyon:

“U.S. Department of Homeland Security” (Depatman Sekirite Nasyonal Etazini) / TSA (Transportation Security Administration, TSA)
www.dhs.gov

Administrasyon Federal Tranzit (Federal Transit Administration)
Transit Watch
<http://www.fta.dot.gov/>

si ou WÈ YON BAGAY, DI YON BAGAY®

Rapòte Nenpòt Aktivite Ou Sispèk nan
Liy Dirèk Eta New York pou Jwenn
Konsèy sou Teworis nan nimewo

1-866-SAFE-NYS

1-866-723-3697

Tout Kote nan Eta New York

1-888-NYC-SAFE

1-888-692-7233

Nan Vil New York



Homeland Security
and Emergency Services

Counter
Terrorism

Harriman State Office Campus
1220 Washington Avenue
Building 7A
Albany, NY 12226

www.dhses.ny.gov/oct

Nou te itilize "If You See Something, Say Something®" (Si ou wè yon bagay, di yon bagay) ak pèmisyon Otorite Transpò Metwopolitèn New York la.

PWOTEJE NEW YORK (SAFEGUARD NEW YORK)



AVIYASYON JENERAL



FASON OU KAPAB EDE EVITE TEWORIS

- Konnen Woutin yo.
- Chèche konnen sa k ap pase bòkote ou.
- Konsidere sa ou tande a seryezman.

Si Ou Wè yon Bagay, Di yon Bagay!

Rapòte nenpòt aktivite ou sispèk nan Liy Dirèk Eta New York pou Bay Ransèyman sou Teworis nan nimewo 1-866-SAFE-NYS (1-866-723-3697). Tout kouffil yo gratis, epi y ap rete konfidansyèl nèt. Pou rapòte ijans oswa krim k ap fèt, rele 911.

Kounye a ou kapab Wè yon Bagay, Voyer yon Bagay!

Aplikasyon ki rele "See Something, Send Something" (Wè yon Bagay, Voyer yon Bagay) pèmèt nenpòt moun kapte aktivite sispèk sou fòm yon foto oswa nòt ekri, epi voye enfòmasyon yo nan Sant Ransèyman Eta New York (New York State Intelligence Center). Apati pwen sa a, n ap revize ransèyman yo epi si yo enpòtan, n ap voye yo ba ajans lapolis konpetan. Aplikasyon an, ki kapab telechaje gratis pou moun ki itilize telefòn iPhone ak Android, gen ladan tou enfòmasyon sou sa pou chèche ak sou lè pou rapòte aktivite ou sispèk.



Telechaje aplikasyon an sou Entènèt nan:

www.NY.gov/SeeSendNY

oswa itilize telefòn ou pou eskane **kòd QR** a



FASON POU DEKRI KONPÒTMAN OU SISPÈK

- KIMOUN** ou te obsève?
- KISA** ou te wè? Pa bay twòp detay.
- KI KOTE** ou te wè li?
- KILÈ** ou te wè li?
- POU KISA** li sispèk?

SI OU REMAKE AKTIVITE OU SISPÈK

- PA** fè okenn aksyon dirèk.
- PA** pwovoke moun nan.
- PA** fè moun nan konnen ou sispèk li.
- NOTE** tout kantite detay ou kapab.
- FÈ** otorite apwopriye yo konnen sa san pli tan.



BAGAY ESPESIFIK NAN AYEWOPÒ POU W VEYE

- Moun k ap pran foto, videyo, oswa pran nòt sou sit la oswa nan zòn atè oswa tèminyal yo tankou lapolis, manm pèsònèl sekirite, oswa sistèm sipèvizyon yo.
- Lè moun ki pa gen badj SIDA Yo ap poze ou kesyon sou sekirite ki gen pou wè ak zòn ki sekirize oswa esteril nan ayewopò a.
- Moun k ap eseye cache figi yo pou manm pèsònèl ayewopò a oswa kamera sekirite yo pa wè yo.
- Moun ki mete rad ki pa apwopriye pou sezon an (sètadi, gwo rad pou fredri pandan ete).
- Moun ki pote oswa eseye pote pakè etranj nan oswa toupre sit la.
- Moun ki eseye eseye cache oswa kite dèyè atik (pa egzanz, malèt, sak, bwat, oswa aparèy).
- Moun yo pa konnen k ap eseye abandone bagay oswa malèt sou sit la oswa nan zòn tèminyal yo.
- Moun k ap eseye jwenn aksè nan zòn ki gen restriksyon tankou zòn sekirize, esteril, ak operasyon ayewopò a, swa sou peye oswa nan yon machin.
- Moun k ap poze kesyon endirèk sou operasyon, anplwaye, ak sekirite.
- Nenpòt machin ki chita nan wout pou depa oswa arive a ki p ap chaje oswa dechaje.
- Nenpòt machin ki pa gen otorizasyon pou pake nan pakin VIP a, kote pou chaje a, ak toupre liy kloti ayewopò a.
- Moun ki santi yo gen kè sote, yo jennen, oswa ki evite gade moun nan je.
- Moun k ap plede vini nan tèminyal la san yo pa achte anyen oswa pran yon pas anbakman.

KONNEN UIT (8) SIY TEWORIS YO

- 1. Siveyans:** Moun k ap anrejistre, k ap siveye, k ap fè foto yon jan dwòl oswa k ap kontwòle aktivite, sitou toupre enfrastruktiri enpòtan yo.
- 2. Kesyon Sispèk y ap Poze:** Y ap chèche enfòmasyon sou mendèv la ak kantite anplwaye yo, enfòmasyon ki enpòtan pou òganizasyon an, pwotokòl repons ak sekirite san yon bezwen konnen toutbon.
- 3. Tès Sekirite:** Vyolasyon sekirite oswa tantativ pou antre kòm yon tès; ka gen ladan anpil fo alam oswa fo alam ki pa gen eksplikasyon; epi/oswa moun ki nan zòn pwoteje ki deklare yo pèdi.
- 4. Finansman:** Tranzaksyon sispèk ki konsène gwo peman avèk lajan kach, gwo depo lajan kach, gwo retrè lajan oswa transfè gwo lajan; kontrebann avèk gwo lajan kach; fwod finansye ou sispèk; lavant machandiz ki fo; oswa twonpe òganizasyon charite.
- 5. Acha Materyèl:** Acha, vòl, pèt, oswa estokaj materyèl ki nesese pou yon atak; ka gen ladan eksploziv, zam, prekisè chimik, òdinatè, plan pwojè, kat jewografik, fo kat idantifikasyon, plan sekirite, materyèl antrènman, elatriye.
- 6. Moun Ou Sispèk ki nan Plas yo:** Moun ki sanble pa nan plas yo, ki montre konpòtman iregilye oswa ki posede inifòm, kalifikasyon, oswa veyikil imitasyon/yo vòlè/machin yo anbeli, san otorizasyon.
- 7. Repetisyon oswa Esè:** Moun k ap fè pratik pou yon atak pita, pou detèmine ki bon lè ak wout pou yo sove.
- 8. Deplwaman Resous:** Ekipman pou pran pozisyon ak/oswa pèsònèl k ap prepare pou yon atak.